

Sòti nan sekirite alimantè pou rantre nan sekirite ekonomik, yon kesyon otonomi pou yon pèp

Bénédictique Paul

Ekonomis angle a, *Thomas Robert Malthus* (1766-1834), bay eksplikasyon sou nesosite pou genyen yon balans ant kwasans popilasyon an ak kwasans pwodiksyon nan lamanjay. Lè balans sa a kraze pandan yon tan ki long, fenomèn yo rele fenomèn *Malthusiens* an kòmanse parèt kòm yon pati nan yon balans natirèl oswa sosyal avèk dezans natirèl, grangou epi lagè, nou kab menm konte lagè sivil yo ladan. Menm si analiz sa a sanble gen meschanste ladan, tèz *Malthus* yo gen tandans pou yo aplike tout tan nan ka Ayiti a, patikilyèman pandan 50 ane ki sot pase yo, kote kwasans popilasyon an ogmante avèk rediksyon nan mòtalite tibebe, san okenn kontwòl fètilite a epi nesans yo.

Si tout richès baze sou prezans moun, Ayiti toujou lwen lojik sa a, sa ap rete konsa, tout tan yo poko mobilize moun tankou kapital (nan sans ekonomik), nan yon apwòch kapital imen, nan yon lojik jesyon ak pwodiksyon. Men, genyen yon elan patriyotik toupatou an Ayiti. Patriyotism¹ lan sipoze, yon minimòm otonomi ekziste deja, epi fòk otonomi sa a chita sou yon bon ekonomi; pa gen okenn pèp ki ka deklare tèt li otonòm epi souverèn san li pa genyen kapasite pou li nourri tèt li. Pakonsekan, li vin enpòtan pou Leta pran responsab li nan sekirite alimantè peyi a. Sa mande yon kapasite pou pèmèt chak manm nan popilasyon an jwenn manje an kantite ak bon kalite pou yo kapab viv an sante.

Sekirite alimantè pa mache ak povrete. Se siman rezon sa a ki lakòz, rapò apre rapò, gwoup Kowòdinasyon Nasyonal pou Sekirite Alimantè (CNSA en franse) montre enkyetid li san rete devan sitiyasyon lamanjay nan peyi a. Depi lane 2014, akòz sechrès te fè pwodiksyon agrikòl la bese anpil, plizyè depatman jewografik nan peyi a te rantre nan yon sitiyasyon kriz alimantè. Nan fen ane 2016 la, siklòn *Matthew* a vin fè zafè yo rive pi mal nan kèk depatman ki te deja gen pwoblèm. Se poutèt sa, solisyon pou kriz politik la, ki te kòmanse

nan ane 2017 la, pa te vini avèk yon solisyon pou regle pwoblèm sekirite alimantè a. Nan ka sa a, li klè, se tout peyi a nèt ansanm ak chèfli yo ki pa gen dwa panse yo ap rive jwenn yon sekirite ekonomik.

Komite Entènasyonal Lakwa Wouj (*CICR* an franse) defini sekirite ekonomik tankou kapasite yon moun, yon fanmi, oswa yon kominote genyen pou li montre li kapab asire bezwen debaz¹ li yo pou tout tan epi ak diyite. Dapre nou, nosyon sekirite ekonomik la sipoze yon gouvènans Leta ak sosyete a ki baze sou yon jesyon resous entèn yo yon fason pou yo ka pèmèt genyen bon manje pou moun manje epi kantite manje a ase pou tout popilasyon an, menm si tout fwontyè nan peyi sa a ta fèmen pou kèk tan. Sekirite sa a, ki gen yon dimansyon nasyonal epi estratejik, se yon kondisyon nan fòmasyon idantite yon pèp nan tout sans mo a. Se poutèt sa, menm si se sektè prive a ki ap jere aktivite pwodiksyon lamanjay la, Leta oblije, menm si li dwe sipòte pwodiktè yo, asire kapasite peyi a pou li satisfè bezwen debaz li yo. Nan sans sa a, sekirite ekonomik la gen yon dimansyon ki pi estratejik pase sekirite alimantè a, men li rantre ladan tou.

Se nan pèspektiv sa a tematik ki parèt nan nimewo sa a abòde pwoblèm sekirite alimantè a nan yon kontèks agrikilti epi povrete. Paske, menm si nou ka achte manje ki soti lòt peyi, pwodiksyon agrikòl lokal la esansyèl pou sekirite alimantè nou epi pou rediksyon povrete a. Epi tou, lè nou pa konte sou peyi etranje pou machandiz esansyèl nan rejim alimantè nasyonal nou se sekirite ekonomik nou nou ap asire. Finalman, si nou retounen sou prensip *Malthus* yo, rediksyon povrete a an Ayiti pral mande yon pi gwo pwodiksyon richès ak lamanjay espesyalman, epi tou nan chèche ogmante kontwòl

1. Pou enfòmasyon ale wè sit sa a <https://www.icrc.org/fr/document/quest-ce-que-la-securite-economique>

sou kwasans popilasyon an. Paske, pou peyi pòv tankou Ayiti, sekirite ekonomik lan ak sekirite alimantè a an patikilye, dwe gide estrateji ekonomik entènasyonal ak nasyonal yo, poutan peyi rich yo konsantre efò yo sou ejemoni militè yo ak defans. Koulye a, ensekirite alimantè a si tèlman ap bay pwoblèm, genyen yon pakèt pwodui moun pa dwe manje, yo ap vann epi moun nan peyi a manje yo tankou manje ki bon pou kò yo. Risk sanitè sa a tèlman gwo pou popilasyon an, li ka fè yon fenomèn *mathusien* parèt atifisyèlman nan peyi a. Anfen, otonomi pèp nou ap pale sou li nan editoryal sa a mande yon responsablite ansanm ak yon atachman entèjenerasyonèl, ki konfòm ak objektif devlopman dirab (ODD) yo, ansanm ak sa ki te pale nan Konferans Pari a (COP 21 an franse), kote Ayiti te poze siyati li nan ane 2015. Nou ap konsidere la a objektif 1,2,3,8,12,13,15 nan devlopman dirab ki konekte ak agrikilti, povrete epi sekirite alimantè nan yon kontèks dirab. Li fasil pou nou demontre avèk investisman dirèk nan agrikilti, Ayiti ap kab kenbe pi fò nan angajman li te pran nan ODD a epi nan COP 21 an pandan li ap kontinye pran responsablite li kòm pèp otonòm.

Pou tout moun kapab sonje, nou ap ekri la a, objektif devlopman dirab (ODD) ki pi enpòtan yo. Nou kab jwenn pwomès Ayiti

te fè pandan Konferans Pari 21 (COP 21 an franse) nan adrès sa a : <https://ht.ambafrance.org/Contribution-d-Haiti-a-la-COP21>.

Objektif 1 : Elimine povrete sou tout fòm li toupatou nan lemond

Objektif 2 : Elimine grangou, garanti sekirite alimantè, amilyore lamanjay epi fè pwomosyon agrikilti dirab

Objektif 3 : Aji pou tout moun viv an sante epi fè pwomosyon byennèt tout moun kèlkeswa laj yo

Objektif 8 : Fè pwomosyon yon devlopman ekonomik ki dyanm, byen distribye epi dirab, anpil travay epi bon jan travay pou tout moun

Objektif 12 : Mete sou pye metòd konsomasyon epi pwodiksyon dirab

Objektif 13 : Mete sou pye rapidman bon jan regleman ki pou ede konbat chanjman klimatik yo ansanm ak konsekans yo

Objektif 15 : Pwoteje epi repare ekosistèm ki sou latè a.

Sous : <http://www.undp.org/content/undp/fr/home/sustainable-development-goals.html> ■

